

Refòm nan Jistis Penal Nyoudjèze

An 2017 yon kokenn chen chanjman fèt nan sistèm penal Noujèze. Pou dabò, yo pa egzije kosyon lajan kash pou yo lage yon akize anvan jijman li. Dezyèm, yon amanman konstitusyonèl ke elektè yo te apwouve pèmèt jij yo pou pase lòd pou kenbe moun ki reprezante ris ke yo ta ka mawon oswa danje nan komisyoner a nan prizon jiska jou jijman yo.

Gwo chanjman sa toujou prezante yon dal kesyon- ak foste.

An nou gade fe yo.



Jidisyè Nyoudjèze



Dwayen Tribunal
la
Stuart Rabner

"Refòm Jistis Penal (CJR) reflete yon seri de prensip ke piò pati nan patisipan dakò avèk. Nouvo apwòch la ranplase an gran pati kosyon kash ak yon sistèm baze sou ris libètè pwovizwa anvan jijman a. CJR mande detansyon anvan jijman pou tout endividé ki poze yon ris serye de danje oswa ke yo ta kab mawon. Refòm sa yo anssanm ak tout lòt refòm fèt ak bi pou konfwonte tout inegalite ki te la nan sistèm ansyen a ak pwoteje sekirite piblik la - enkyetid ki kontinye sèvi de baz CJR jodiya."



STUART RABNER
DWAYEN TRIBINAL LA

MICHAEL J. BLEE, J.A.D.

DIREKTÈ ADMINISTRATIF PWOVIZWA TRIBINAL YO

CN 12132-Haitian Creole - AVRIL 2025

Jidisyè Nyoudjèze

CRIMINAL
JUSTICE
REFORM

Refòm Jistis
Penal
Lejann v. Reyalite

For more information about Criminal Justice Reform in New Jersey, go to www.njcourts.gov and search for "Criminal Justice Reform."

Lejann v. Reyalite

Lejann – Yap lage anpil kriminèl danje nan kominate a san siphèvizon jis jou pwosè yo.

Reyalite – Anvan refòm jistis penal te fèt, jij yo te oblige fikse yon kosyon nan pi fò dosye yo. Yon akize danje san lajan ta kab peye kosyon epi lage. Aktyèlman, yon fwa komisè gouvènman yo kab konven jij la ke akize a reprezante ris enpòtan nan kominate a, epi li ta fèt pou rete nan prizon san opòtinite pou yo ta lage li anvan pwosè l.

Akize ke yo konsidere ki reprezante ris ki modere lage san kondisyon epi Pretrial Service Unit la siveye yo. Tout akize ki reprezante ris modere ki pa akize de komèt zak vyolans lage nòmalman sou pwòp pawòl yo.

Lejann – Yo ranplase tout jij ak konpitè algorit ki detémine si yo ta fèt pou lage yo annatandan pwosè a.

Reyalite – Sèl yon jij kab detémine si yon akize fèt pou lage annatandan pwosè li ak ki kondisyon libète pwovizwa pou yo enpoze. Jij yo kab deside tou pou kenbe yon akize an detansyon jis jou pwosè a, men sèl si komisè gouvènman a ta mande detansyon li. Lè jij la pral pran desizyon li, li gide an pati pa rekondasyon zouti ki evalye degre ris la ke yo rele Public Safety Assessment/Evalyasyon Sekirite Piblik la (PSA).

PSA a konsidere tout faktè san fè pati pri-kankou laj akize a, akizasyon aktyèl la, chèf akizasyon an atant yo, kondanasyon li te deja genyen, ak konbyen fwa akize a pa konparèt nan tribinal nan dat yo te konvoke li, pou mezire ris akize a ta ka komèt yon zak oswa mawon pandan ke li sou libète pwovizwa.

Ki vle di, jij yo oblige pran yon desizyon, eksepte ke yo gen yon nouvo sous done syantifik pou ede yo pran desizyon a.



Lejann – The Public Safety Assessment/Evalyasyon Sekirite Piblik la se yon algorit "sekrè" ke ni lapolis ni piblik la pa gendwa wè.

Reyalite – Tout rezulta PSA yo pa disponib ba ofisyé lapolis, komisè gouvènman ak defansè piblik yo, yo li yo awòt vwa nan sal tribinal la. Nef faktè ki enkli nan PSA a enimere sou sit web www.njcourts.gov, ak sou www.arnoldfoundation.org pou piblik la ka wè.

Lejann – Yo pa pèmèt jij yo konsidere dosye minè akize yo, akizasyon aktyèl yo oswa akizasyon ki la kap tann yo lè yap pran desizyon yo konsènan libète anvan pwosè a.

Reyalite – Jan nou mansyone anvan, PSA a konsidere toude, akizasyon aktyèl kont akize a ak nenpòt ki lòt akizasyon ki la kap tann yo. Tout jij konsidere tou yon seri faktè ki pa fè pati PSA a, enkli dosye minè akize a, pwa prèv kont akize a ak ris li reprezante ba sekirite kominate a.

Lejann – Ansyen sistèm kosyon ki peye kash la te pi si.

Reyalite – Pa gen okenn sistèm libète anvan pwosè ki kab garanti ke yon akize a va obeyi lalwa oswa prezante nan

tribinal pandan li sou libète pwovizwa. Sistèm kosyon kash la pa ofri garanti sa yo. Kriminèl danje yo ki gen aksè a bon kou lajan te lage sou kosyon anvan jijman - epi yo pat sou siveyans. Reyalite a se ke sou ansyen sistèm la te gen akize ki te komèt nouvo zak pandan yo te an libète sou kosyon.

Sistèm prezan a mezire ris. PSA a konsidere faktè kankou akizasyon aktyèl kont akize a ansanm ak tout lòt ansyen kondanasyon ak fwa yo pa konparèt nan tribinal lè yo konvoke yo. Tout jij yo konsidere dosye minè akize yo ak yon seri de faktè adisyonèl ki pa enkli nan PSA a lè yap pran desizyon sou libète anatandan pwosè a.

Li enpòtan pou sonje ke tout akize prezime inosan jiskaske yo pwouve ke yo antò. Anvan refòm penal la, apeprè 13 poustan moun ki nan prizon konte Noujèze yo rete chita nan prizon anvan pwosè yo- pafwa pandan dezane- paske yo pat kab peye ti kosyon ba kankou kosyon \$2,500. Yo te nan prizon non paske yo danje, men paske yo pòv.

Refòm jistis penal la retire lajan nan kalkil la epi li ranplase li ak konvèsayon ki onèt ak dirèk konsènan menas akize a reprezante ba kominate a. Anfennkont se sistèm jistis anvan pwosè ki pi si.